

## POU DIFIZE IMEDYATMAN

Kontak: Betsy Clayton, APR/CPRC  
Direktè kominikasyon  
Gouvènman Konte Lee  
239-826-4606  
bclayton@leegov.com

### **Konte Lee ajiste pwosesis redekoupaj distri Komisyon Konte a pou l ka pèmèt gen odyans piblik nan aprèmidi**

Fort Myers, FL, 21 septanm 2021 – Jodi a, Komisyon Konsèy Komisyonè Konte Lee a te ajiste orè pou reyinyon piblik yo te deja anonse kote kominote a ap ka bay opinyon l sou pwosesis redekoupaj distri pou pèmèt gen yon opsyon nan aprèmidi pou rezidan yo ka pale.

Yo planifye kat reyinyon piblik, ki gen ladan l twa odyans piblik, kòm yon pati nan pwosesis redekoupaj distri a. Men yo:

- 9:30 a.m. Madi 5 oktòb – Odyans piblik pou revize kèk opsyon preliminè pou kat jeyografik yo
- 6 p.m. Madi 2 novanm – Odyans piblik pou revize kèk opsyon pou kat jeyografik yo
- 9:30 a.m. Madi 16 novanm – Odyans piblik pou adopte nouvo kat jeyografik
- 9:30 a.m. Madi 7 desanm – Atik sou ajanda Komisyon Konsèy Komisyonè Konte Lee a pou sètifye enfòmasyon pou transmèt bay Sekretè Deta Florid la.

Tout odyans yo pral dewoule nan 2120 Main St., Fort Myers, FL 33901. Tanpri note odyans ki planifye pou 9:30 a.m. yo fè pati ajanda pou reyinyon yo regilyèman pwograme nan Komisyon Konsèy Komisyonè konte a.

Asiste reyinyon yo an pèsòn se pa sèl mwayen pou pataje ide w sou zafè redekoupaj distri a. Rezidan yo ka voye imèl nan [2021redistricting@leegov.com](mailto:2021redistricting@leegov.com), oswa yo ka bay komisyonè yo yon kòmantè elektwonik lè yo vizite [www.leegov.com/boccc/meetings/agendas/ecomments](http://www.leegov.com/boccc/meetings/agendas/ecomments).

Nan kòmansman mwa sa a konte a te lanse yon nouvo paj sit entènèt ki ofri done, kat jeyografik, enfòmasyon ak transparans pandan tout pwosesis la. Ou ka jwenn li nan [www.leegov.com/redistricting](http://www.leegov.com/redistricting).

Yo ankouraje rezidan yo tou pou yo enskri pou bilten enfòmasyon Konte Lee a lè yo vizite [www.leegov.com](http://www.leegov.com) epi klike sou ikòn anvlòp la. Moun yo ka resevwa avi pou reyinyon yo avèk lye yo pou ajanda ak lòt enfòmasyon. Lè w suiv Lee County Government (Gouvènman Konte Lee) sou Facebook ou ka jwenn tout dènye mizajou yo tou.

Lwa Florid egzije pou chak konte egzamine nesesite pou redekoupaj distri chak 10 zan aprè resansman fin fèt Ozetazini. Se elektè yo ki eli Manm Lee BoCC yo nan tout konte a, men yo asiye yo selon senk distri kote yo abite.

Objektif redekoupaj distri a se reyajiste popilasyon an ant distri komisyon yo pou pa gen okenn distri komisyon ki gen pi plis rezidan endividyèl pase lòt distri yo. Si gen kèk ajisteman ki merite fèt nan fwontyè distri yo, Konte Lee a ka fè chanjman sa yo pandan yon ane chif enpè. Akoz rezilta resansman ki te fèt Ozetazini ane sa a te soti ta, yo pral kondanse pwosesis nòmal ki ta dwe dire 10 mwa yo nan apeprè kat mwa.